



Pou Piblikasyon Imedya: 14/01/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL PWOPOZE RANFÒSE LWA ANGAJMAN ENVOLONTÈ YO AK LWA KENDRA POU BAY SIPÒ AK RESOUS POU NOUYÒKÈ KI GEN MALADI MANTAL GRAV YO

Gouvènè a ranfòse lwa ki pèmèt founisè yo bay swen ak tretman pou moun ki gen maladi mantal grav yo

Pou abòde kriz sante mantal jèn yo, Gouvènè a pral elaji opòtinite pou sipò ak fòmasyon ant kanmarad

Refòm kontinyèl nan kontinite swen yo pral sipòte moun ki an risk yo epi rann gwo konpayi asirans yo responsab

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a gwo refòm pou ranfòse angajman envolontè Nouyòk epi ede lwa tretman pou pasyan ekstèn yo nan kad Diskou Eta Leta 2025 li a. Pwopozisyon Gouvènè a pral elaji opsyon tretman pou moun ki soufri maladi mantal grav epi ranfòse politik tankou Lwa Kendra ki vize pou bay èd pou moun ki pi bezwen li. Gouvènè Hochul pral kontinye efò li k ap mennen nan peyi a tou pou adrese kriz sante mantal jèn yo epi transfòme kontinite swen sante mantal la.

"Moun ki gen maladi mantal grav merite swen – pa kawo. Men, pandan twò lontan, sistèm sante mantal nou an ap echwe moun ki te plis bezwen li", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nou te pase yon plan 1 milya dola pou transfòme kontinyèl swen sante mantal la, epi nou te kòmanse repare plizyè deseni dezinvestisman. Kounye a, n ap kontinye batay la pou Nouyòkè yo vin pi an sante, pi an sekirite ak pi fò."

Gouvènè Hochul te defann pwoteje ak pwomouvwa sante mantal Nouyòkè yo ak investisman istorik nan lojman pou moun ki gen maladi mantal, yon elajisman kapasite kabann sikyatrik pou pasyan ki entène nan sistèm lopital kominotè ak sa eta opere, agrandisman enpòtan sèvis pou pasyan ekstèn pou moun ak maladi mantal ak amelyore kouvèti asirans pou sèvis sante mantal yo. Pwogram tankou inisyativ Sipò Opsyon Sekirite (Safe Options Support, SOS) te tranzisyon ak siksè prèske 850 moun ki pa loje pou pase nan lojman pèmanan, epi li te entwodwi règleman pou asire lopital yo itilize pi bon estanda nan swen lè y ap fè admisyon ak egzeyat pou pasyan ki bezwen swen sante konpòtmantal yo. Gouvènè a te entwodui lejislasyon k ap mennen

nan peyi a ki vize lite kont konsekans danjre medya sosyal yo sou sante mantal jèn yo epi li konsantre efò li sou kriz sante mantal la, ki afekte anpil fanmi Nouyòk.

Swen ak tretman pou moun ki gen maladi mantal grav

Mete ajou lwa sou angajman envolontè

Gouvènè Hochul pral pwopoze amannman Lwa Ijyèn Mantal (Mental Hygiene Law) Nouyòk la pou abòde twou vid ki genyen nan estanda pou angajman envolontè. Lwa ki ajou a pral pèmèt entèvansyon lè moun yo gen gwo risk pou yo sibi mal akòz enkapasite yo pou satisfè bezwen debaz yo tankou manje,abri oswa swen medikal.

Chanjman sa yo pral klarifye ke prèv risk iminan oswa dènye zak manifès pa obligatwa, sa ki pèmèt entèvansyon pi bonè epi alinye Nouyòk ak lòt eta yo. Amannman an pral elaji otorite tou pou Enfimyè Sikyatrik Praktikan yo, amelyore aksè ak swen nan zòn ki pa gen ase sèvis yo. Estanda revize yo pral mande pou evalyatè yo konsidere yon seri faktè konplè, ki gen ladan istwa konpòtmantal ak konsekans sante alontèm. Lopital yo pral enfòme founisè kominotè yo tou lè admisyon oswa egzeyat kliyan yo, pou asire kontinwite swen.

Ranfòse Lwa Kendra a

Gouvènè Hochul pral ranfòse tou Lwa Kendra a, ki gouvènè Tretman pou Pasyan Ekstèn Asiste (Assisted Outpatient Treatment, AOT) pou moun ki gen maladi mantal grav, lè li diminye baryè pou swen. Chanjman yo enkli amelyore pataje dosye, elaji ki moun ki ka fè yon petisyon pou òdonans AOT, ak itilize videyo konferans pou rasyonnalize pwosesis yo.

Gouvènè a pwopoze tou estandatize Pake Sèvis Amelyore (Enhanced Service Packages, ESP) nan tout eta a. Plan volontè sa yo pral pèmèt moun jwenn aksè ak sèvis AOT san yon lòd tribinal epi bay yon opsyon tranzisyon pou moun ki gen òdonans AOT ki ekspire. Lè yo fè ESP vin yon karakteristik ki konsistan atravè konte yo, plis moun pral resevwa sipò yo bezwen an.

Fè fas ak kriz sante mantal jèn yo

Sipòte sante mantal jèn yo nan pwogram apre lekòl yo

Pou ede ankouraje sante ak byennèt jèn yo, Gouvènè Hochul pral konekte resous sante mantal ak pwogram apre lekòl yo. Lè Gouvènè a konekte etablisman swen sante ki gen lisans ak pwogram apre lekòl ke eta finanse, Gouvènè a pral asire ke jèn yo gen aksè ak resous enpòtan sa yo apre lè lekòl yo. Anplis de sa, Eta a pral ofri fòmasyon premye swen sante mantal pou jèn yo bay founisè apre lekòl ki finanse pa eta a epi l ap fè patenarya ak SUNY pou konekte elèv ki gradye nan travay sosyal ak pwogram apre lekòl lokal ke Eta finanse, ki ede yo ranpli travay yo mande sou teren an pandan y ap sipòte jèn vilnerab yo.

Fòme elèv lekòl segondè yo nan premye swen sante mantal pou adolesan

Nan de bidjè ki sot pase yo, Gouvènè Hochul te envesti nan fòmasyon adolesan Nouyòkè yo nan Premye Swen Sante Mantal pou Adolesan. Konpetans sa a ekipe jèn ki gen laj pou ale lekòl segondè yo ak zouti ki baze sou prèv pou idantifye, konprann epi reponn ak siy sante mantal ak pwoblèm itilizasyon sibstans nan mitan zanmi yo ak kamarad yo, ki gen ladan enpak entimidasyon ak vyolans nan lekòl. Ane sa a, Gouvènè Hochul pral lanse yon pwogram Premye Swen Sante Mantal pou Adolesan pou ekipe elèv lekòl segondè yo ak konpetans debaz pou sipòte tèt yo ak kamarad yo pou mennen yon chanjman kilti jenerasyonèl otou byennèt mantal.

Amelyore dyagnostik pou timoun ki gen bezwen klinik konplèks

Twòp timoun ak adolesan ki gen bezwen tretman konplèks fini ak dyagnostik ki pa satisfè kondisyon sèvis pèsonalize yo. Ak yon konsantrasyon sou bay pi bon swen posib pou timoun yo, Gouvènè Hochul pral dirije devlopman sant evalyasyon klinik yo, ki gen pèsònèl klinisyen pwofesyonèl ki gen ekspètiz nan plizyè domèn swen sante. Sant sa yo pral evalye bezwen klinik konplèks ak konpòtman timoun yo, san yo pa bezwen entènè lopital, epi yo pral bay koneksyon enpòtan ak swen endividyèl yo bezwen an.

Transfòmasyon Kontinèl nan Sistèm Swen Sante Mantal la

Elaji rezo pwogram sante mantal ak espas ki an sekirite pou jèn Clubhouse la

Clubhouses yo se etablisman ke manm yo dirije ki ofri sipò mityèl bay moun ki dyagnostike ak pwoblèm sante mantal grav yo. Modèl siksè sa a pote yon sans objektif atravè adezyon, bay rezo sipò, sosyalizasyon pozitif, konpetans nan kad travay ak edikasyon ak aksè ak resous yo. Pou sipòte byennèt Nouyòkè ki gen maladi mantal grav, Gouvènè Hochul pral elaji rezo pwogram Clubhouse la atravè Eta a. Anplis de sa, Gouvènè Hochul pral devlope nouvo espas ki an sekirite pou jèn yo kote yo ka jwenn aksè ak resous sante konpòtmantal yo, ankouraje relasyon pozitif ak kamarad yo epi resevwa sipò nan yon anviwònman konfòtab, ansanm ak zanmi ak manm kominotè yo.

Rann konpayi asirans sante komèsyal yo responsab pou swen sante mantal

Gouvènè Hochul te mennen refòm enpòtan nan kouvèti asirans komèsyal pou swen sante mantal, ki gen ladan etabli estanda ki egzije konpayi asirans yo ofri yon rezo founisè aksesib, ki egzije konpayi asirans yo peye omwen to Medicaid la pou sèvis sante manta ak maladi itilizasyon sibstans nan rezo a, epi mande konpayi asirans yo ranbouse sèvis sante mantal ki baze nan lekòl yo nan to ranbousman Medicaid ki dominan an. Sepandan, pwogrè kontinyèl nesèsè pou satisfè bezwen swen sante Nouyòkè yo. Gouvènè Hochul pral asiyen nouvo resous pou asire ke konpayi asirans yo ap bay asirans sante mantal ke moun ki gen asirans yo merite. Eta a pral sèvi ak resous sa yo pou ranfòse sipèvizyon konfòmite, tankou siveyans adisyonèl, edike konsomatè yo ak founisè yo, epi envestige ak fè medyasyon pou plent yo.

Elaji Ekip Angajman Entansif ak Soutni (INSET)

Moun ki gen eksperyans yo viv nan pozisyon inik pou ede lòt moun navige nan tranzisyon difisil, kit se jwenn lojman ki estab, retounen nan kominote a apre yo fin patisipe nan sistèm jistis penal la, oswa jere lòt defi konplèks yo. Yo montre sipò ant

kanmarad yo se yon fason ki efikas pou angaje moun ki gen maladi mantal, ede yo bati sistèm sipò natirèl epi pran kontwòl swen yo. Pwogram Ekip Angajman Entansif ak Soutni (Intensive Support Engagement Team, INSET) bay sipò volontè ki dirije [a kamarad pou moun ki nan pakou rekiperasyon pa yo. Ekip miltidisiplinè 24/24, 7/7 sa yo, ki te dirije pa espesyalis parèy yo, ofri swen ki pran an konsiderasyon twomatiz, ki reponn sou plan kiltirèl ki adapte a bezwen inik moun yo. INSET amelyore kalite lavi, diminye ospitalizasyon repete ak enplikasyon nan lajistis epi ranfòse rezo sipò natirèl yo. Apwòch fleksib li a, ki santre sou moun, asire moun yo resevwa swen san delè rijid oswa restriksyon kalifikasyon. Gouvènè Hochul pral elaji pwogram INSET atravè Eta Nouyòk pou asire plis moun benefisyè modèl swen efikas ak konpatisan sa a.

Kreye yon Pwogram Rapwochman ant Kamarad ki Baze nan Lopital

Tranzisyone soti nan inite lopital pou pasyan ki entène yo pou ale nan kominote a souvan difisil pou moun ki gen maladi mantal grav yo. Pou adrese sa, Gouvènè Hochul pral dirije Biwo Sante Mantal (OMH) pou etabli yon Pwogram Rapwochman ant Kamarad ki Baze nan Lopital. OMH pral bay yon Apèl Dòf (Request for Proposals, RFP) pou chwazi lopital pou anboche sipèvizè ant kanmarad ak espesyalis k ap ede ekip pasyan ki entène yo. Rapwochman ant Kamarad sa yo pral dirije gwoup ki konsantre sou anpeche ospitalizasyon, navige sistèm yo ak pran desizyon enfòmè sou lojman, tretman ak sipò, asire tranzisyon ki pi dous ak pi bon rezilta.

Sipòte byennèt ke kominote detèmine nan katye ki istorikman majinalize yo

Nouyòk te aprann leson enpòtan sou rekiperasyon ak gerizon apre fiziyad nan Tops Supermarket la ki te motive pa rezon rasyal nan East Buffalo, ki te retire lavi 10 moun an 2022. Chòk nan nivo popilasyon entèjenerasyonel ki soti nan plizyè deseni mank investisman, vyolans, ak povrete te mennen nan yon mefyans konpreyansib alega yon gouvènman k ap eseye reponn ak swen ak sipò sante mantal pou yon kominote ki an dèy. Yo te bezwen yon nouvo apwòch epi atravè efò kolektif kominote East Buffalo yo, yo te devlope yon nouvo apwòch de baz, epi pwogram byennèt mantal inik te emèje. Kominote a te reyini nan kwafè yo pou chita pale sou byennèt mantal, te sipòte pwomnad papa ak pitit gason, yo te òganize ti sèk gerizon tradisyonèl Ameriken dorijin Afriken yo, epi yo te ini ozalantou mizik, dans, ak travay atistik.

Gouvènè Hochul pral sèvi ak konesans yo te genyen nan repons East Buffalo a epi devlope yon pwogram sibvansyon inovan pou sipòte pwogram byennèt kominote a, ki reponn sou plan kiltirèl nan kèk zòn nan eta a ki gen eksperyans majinalizasyon, vyolans ak povrete depi lontan. Òganizasyon kominotè yo pral rasanble pi piti antite debaz yo ki gen yon prezans katye etabli ak yon istwa defans pou devlope aktivite byennèt mantal espesifik pou popilasyon an ki vize pou konstwi rezistans, geri twomatiz jenerasyonèl, epi bay rezidan yo opòtinite pou yo pwospere.

Komisè Biwo Sante Mantal la, Doktè Ann Sullivan, te deklare, "Pandan twa ane ki sot pase yo, Eta Nouyòk te fè yon gwo investisman pou asire tout Nouyòkè yo gen aksè ak sipò ak sèvis swen sante mantal solid. Dènye inisyativ sa yo ke Gouvènè Hochul dekri pral mennen nou pi pre toujou pou gen yon sistèm swen sante mantal ki reponn totalman ak bezwen nou wè atravè eta nou an. Anfaz kontinyèl Gouvènè Hochul

la sou ranfòse sistèm swen sante mantal nou an ap gen yon efè transfòmatif sou kominote nou yo ak anpil moun nan eta nou an ki ap viv avèk oswa ki gen yon pwòch yo k ap viv ak maladi mantal."

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)